



FRIEDRICH NAUMANN
STIFTUNG Für die Freiheit.
México

IMPUNIDAD CERO

denuncia.org

SIN FRONTERAS

KAT PLENT POU MOUN KI NAN PSITIYASYON DEPLASMAN (KI AP KITE PEYI YO)

ITILIZASYON KAT SA A AP
FASILITE W FÈ SWIVI
A PWOESISIS PLENT LA



Ekip jesyon:

- ↳ Siegfried Herzog , Director Regional América Latina / Fundación Friedrich Naumann para la Libertad
- ↳ María José Salcedo Campos, coordinadora de Proyecto México / Fundación Friedrich Naumann para la Libertad
- ↳ Catalina Kühne Peimbert, Directora ejecutiva / Impunidad Cero
- ↳ Sandra Alvarez, Directora general / Sin Fronteras IAP

Responsab pou ekri ak rechèch:

- ↳ Itzel Jiménez Ríos / Impunidad Cero
- ↳ Leslie I. Jiménez Urzua / Impunidad Cero
- ↳ Gerardo Salinas Camarena / Sin Fronteras
- ↳ Ajax Resendiz Velásquez / Sin Fronteras
- ↳ Sandra Garnica Gómez / Sin Fronteras
- ↳ Wendy Castro Martínez / Sin Fronteras

Ki fèt pa:

- ↳ Sol Abadía / Sin Fronteras



Materyèl sa a fèt pou ede ou idantifye si ou te yon viktim nan yon krim, ba ou zouti pou ke, si ou deside, ou ka pote plent kont li, epi zouti sa yo bay mwayen pwoteksyon pou w pa fè eksperians vyolans ankò.

ANVAN OU KÒMANSE, LI ESANSYÈL KE OU KONNEN KÈK PWEN DEBAZ NAN SISTÈM PENAL MEKSIKEN AN.

DONE

Nimewo dosye envèstigasyon an:

Sèl Nimewo ka lnik ak/ Nimewo Kontwòl Entèn:

Dat mwen te depoze plent mwen an: _____ nan lane 20

Non ajan Ministè Piblik ka (apati de moman sa, MP) ki te pran plent mwen an:

Biwo pwokirè a kote mwen te depoze plent mwen an: _____

Initi kote mwen te depoze plent mwen an: _____

Non konseye legal mwen an: _____

Prive: _____ Gratis: _____

Mwen gen mezi pwoteksyon: Wi: _____ Non: _____

Ki mezi pwoteksyon mwen genyen:

Dat mezi pwoteksyon yo te kòmanse: _____ nan lane 20

Dat mezi pwoteksyon yo ekspire: _____ nan lane 20

Kòmantè: (ki mezi, otorite ki bibliye yo, si yo te renoukle, elatriye)



3

4

**MWEN PANSE MWEN
TE VIKTIM DE
YON KRIM, KISA.
MWEN KÁ FÈ?**

PWOTEJE TÈT OU!

SI OU TE VIKTIM de yon krim, bagay ki pi enpòtan se pwoteje sekirite ou ak sekirite moun ki avèk ou yo, pou sa a li nesesè:

- 🦋 Deplase al yon kote ki an sekirite pou ou ak moun ki avèk ou yo.
- 🦋 Mande èd avèk yon manm fanmi oswa yon moun ou konnen.
- 🦋 Si sa posib pou ou, ale nan nenpòt ajans Ministè Piblik oswa Sant Jistis pou Fanm, pote plent ou an, li enpòtan ke ou konnen ke yo bay sèvis 24 sou 24.
- 🦋 Nan ka ijans, rele 911 oswa rele nimewo ki la pou pot plent yo ki se Biwo Pwokirè nan Eta kote ou ye a.



Nou konseye ou mache ak konpayen epi tout prèv ki jistifye rezon plent w ap pote a , paske nan anpil ka pwoesisis plent la long, konsa lefèt ke ou gen moun avè w , moun ou fè konfyans, sa pral fè tan ou ap tann nan pa twò fatigan.

Pou sa ou ka chèche yon òganizasyon sivil oswa lòt enstitisyon ki konseye w sou dwa ou genyen nan oka ou vle pote plent, epi lòt bagay, yo ka ede w jwenn dokiman ki pèmèt ou rete legal O Meksik.

ÈSKE MWEN KA POTE PLENT SI M SE YON SENP MIGRAN?

REPONS LAN SE WI.

Nan peyi Meksik, tout moun, Meksiken kou etranye, gen dwa jwenn aksè a lajistis. Obligasyon sa se nan atik 17 nan Konstitisyon nou an, ki deklare ke O Meksik, tout moun gen dwa pou yo jwenn jistis.

Souvan anplwaye sèvis piblik yo vle refize bay atansyon sou pretèks ke ou pa gen yon pèmi imigrasyon pou rete nan peyi a, kidonk li enpòtan ke ou raple yo ke sitiyasyon ou ak imigrasyon pa fè ou yon delenkan.

Lè w gen yon estati imigrasyon iregilye (illegal) jan lalwa meksiken dil la, li sèlman gen konsekans administratif, se pa yon krim, konsekans, ki vle di ke ou pap jamn nan risk pou yo mete w nan prizon paske w pa gen pèmi pou rete nan Peyi Meksik. Estati imigrasyon ou pa anpeche ou gen dwa pou depoze yon plent.



Li enpòtan ke ou konnen ke gen de rezon ki fè yon moun ka nan yon sitiyasyon iregilye (illegal):

1. Si ou pa gen yon dokiman ki pèmèt ou rete nan Peyi Meksik.

2. Dokiman imigrasyon ki pwouve sitiyasyon w lan, li ekspire.

Eta Meksiken an gen obligasyon pou pwoteje dwa pou moun viv, pou redwi vyolasyon dwa moun kote ou ka viktim epi goumen kont kontrebann ak trafik moun¹. Se poutèt sa, ou pa bezwen pè ale bò kote otorite Meksiken yo pou èd, si ou se yon viktim krim ou gen dwa pou pote plent.



¹ <https://www.ohchr.org/es/migration/global-compact-safe-or-regular-migration-gcm>

SI MWEN SE YON IMIGRAN, KIJAN POU MWEN IDANTIFYE TÈT MWEN?

OU TA DWE KONNEN

Ke lè ou ale pote plent, ou dwe gen yon idantifikasyon kote yo ka wè done ou yo tankou non ak nasyonalite. Pou sa ou gen plizyè opsyon:



Kat vizitè pou rezon imanitè, An jeneral, yo akòde li menm jou a, men si se pa leka, paske ou te rive trè ta oswa ou pa gen materyèl pou w enprime li, ou ka retounen nan demen ak fèy prèv ki di ke ou nan demach la.

Si ou te kòmanse yon aplikasyon avèk Komisyon Meksiken pou Asistans Refijye (COMAR), ou ka ale pote plent ak Sètifica ki demonstre ke w kòmanse pwosesis lan konsènan aplikasyon an pou rekonesans estati refijye ou, ki pral sèvi tou kòm idantifikasyon ofisyèl nan pwosesis w ap reyalize a. Si ou te déjà mande CURP pwovizwa ou, li enpòtan tou ke ou mache avèk li.



Prèv rekonesans estati refijye yo okòde pa Komisyon Meksiken pou Asistans Refijye yo. (COMAR) yon fwa li etidye ka w la epi li ba ou yon rezolisyon pozitif.

Rezolisyon Enstiti Nasyonal Migrasyon (INM) kote yo rekonèt ou kòm moun ki pa gen nasyonalite (apatriid)

Nan ka ou pa te inisyé okenn nan pwosedi sa yo, ou ka ale ak kat idantite oswa kat peyi ou oriijn ou.

Si ou pa gen okenn nan dokiman sa yo, men ou ka ale nan Konsila peyi ou, mande yon Prèv Nasyonalite ki gen non konplè ou ak foto. L ap ede w idantifye tèt ou tou.

11

E SI MWEN VLE RAPÒTE KE PYÈS IDANTITE MWEN PÈDI?



EN CAS DE VOL SANS VIOLENCE ou de perte de documents d'identité ou d'équipements électroniques, vous pouvez faire une déclaration en ligne. Vous trouverez ici les conditions à remplir et la marche à suivre.

Vous pouvez consulter: <https://denuncia.org/denuncia-digital>

Si vous n'êtes pas en mesure d'effectuer votre déclaration en ligne ou si cette option n'existe pas dans votre État, vous pouvez vous rendre dans n'importe quel bureau du procureur.

12

E SI MWEN PA GEN OKENN DOKIMAN IDANTIFIKASYON?

SONJE BYEN ke si ou pa gen okenn dokiman pou idantifye tèt ou, ou ka tcheke yon òganizasyon ki ap akonpaye ou nan pwosesis la pou jwenn nenpòt nan dokiman yo mansyone pi wo a, puiske ou ka jwenn yo nan yon pwosesis regularizasyon migratwa tankou jwenn yon Kat Vizitè pou rezon imanitè, yon kat rezidan tanporè oswa pèmanan, aplikasyon pou estati refijye yo ak naturalizasyon (Nou ka mete lyen ki nan aplikasyon pou yo ka vini pa eta yo, piske san Fwontyè) (Sin Fronteras) kapab sèlman resevwa ka ki soti nan Vil Meksiko)

<https://contigosinfronteras.org/organizacion/>

Menmsi lè w pa gen yon dokiman idantite, sa pa retire dwa ou pou pote plent, li enpòtan ke ou pa rate opòtinite pou regle estati imigrasyon ou, anplis lalwa bay yon peryòd pou rapòte sa k te pase ou.

KOUMAN POU MWEN KONTAKTE OTORITE YO?

POU TOUT PWOSEDI avèk otorite imigrasyon yo pral
mande w yon imèl ak nimewo telefòn:

- ❖ Si ou gen pwòp nimewo ou ak imèl, ou dwe bay otorite a li nan moman plent la. Si yon òganizasyon civil akonpaye ou, li ta ka bay yon telefòn enstitisyonèl ak imèl pou resevwa notifikasyon epi ede ou nan pwosesis sa a.
- ❖ Si ou pa gen yon imèl epi ou pa akonpaye pa yon òganizasyon, ale nan yon kafe entènèt epi mande èd pou w kreye yonn

Asire ou ke ou ka antre sou imèl ou bay la, piske li pral vle mwayen prensipal pou otorite yo kontakte ou.

Si ou pa gen nimewo telefòn pwòp a ou, ou ka bay kantite yon moun ou gen kontak avè l souvan.

Koulye a! Nou pare pou konnen yon ti kras plis sou pwosesis kriminèl (penal) la.




15



16

KOUMAN YO AKTIVE PWOSESIS KRIMINEL LA?

LÈ W RANPLI YON DENONSYASYON
OSWA YON PLENT.



PLENT (DENUNCIA) la se lè w enfòme Biwo Ministè Piblik la sou reyalite ki ka yon krim ke " y ap pouшив yon fwa ", sa vle di, sa yo ki dwe envestige imedyatman epi trè byen san l pa nesesè ou prezans konsantman an oswa prezans moun ki sibi l yo viktim yo . Yon omisid (tiye moun), yon femisid (tiye fanm) ou vyòl oswa yon kadejak se krim ke yo " pouшив imedyatman " .

PLENT/ KERÈL (QUERELLA) la se lè w enfòme Ministè Piblik la sou reyalite ki ta ka yon krim, men nan ka sa a, reyalite yo ka sèlman rapòte pa moun ki afekte a, ki an tèm de lwa Meksiken yo rele yon moun viktim oswa ofanse, piske konsantman li nesesè pou kòmanse yon envestigasyon. Pa egzanp: diskriminasyon, abi seksyèl oswa vyolans fanmi.

TOU DE, PLENT LA AK PLENT/ KERÈL LA KA RESEVWA PA YON AJAN NAN MINISTÈ PIBLIK LA OSWA LAPOLIS.



Yon krim se konpòtman yon moun, ki mete yon lòt nan yon sitiyasyon ki afekte l , oswa ki mete dwa l ak byen an risk, oswa sosyete a. Lè nou viktim de yon krim, nou jwenn yon seri dwa ki gen ladan mezi atansyon pou asire yon rezolisyón efikas pou domaj nou soufri a.

Nan dokiman sa a nou pral ede w idantifye krim ki gen pou wè avèk: **kidnapping, ekstòsyon, blesi, diskriminasyon ak disparisyon fòse.**

KI SA L'YE?

Krim **kidnapin** se lè w retire libète yon moun, kèlkeswa konbyen tan sa a dire, nan objektif pou jwenn yon ranson, fòse yon otorite oswa yon moun fè oswa evite fè yon fonksyon oswa zak, sa ki lakòz domaj oswa prejje sou nenpòt moun oswa nenpòt lòt benefis nan nenpòt ki nati.

Imigran nan peyi Meksik gendwa gen plis chans pou yo viktim anba kidnapin. Sa ka rive pandan pakou travèse pou Meksik oswa Etazini, pa egzanp lè yo rele pou yon ranson an echanj pou yo pa touye oswa lage yon manm fanmi.



KISA POU MWEN DWE PRAN AN KONT?

1.

Krim sa a ka rapòte pa nenpòt moun

2.

Rete kalm epi, si sa nesesè, chèche sipò nan men fanmi oswa moun ki pwòch pou pwoteje entegrite ou.

3.

Nan moman ou ale depoze plent ou a, ou ka montre prèv inisyasyon ou nan pwosedi, kat idantite oswa kat peyi oriijn ou ou oswa, nan lòt ka, Prèv Nasyonalite.

Pandan plent la, Biwo Pwokirè Piblik la oswa lapolis dwe mande w:

Non moun ou ap chèche a

Dat ak kote yo te kidnape | la

A kilè yo te kidnape |


Dat dènye fwa nou te an kontak avèk li

Nimewo telefòn oswa mwayen kote ou te kontakte pou pèman ranson an

21

NOUS IDENTIFIONS LES CRIMES QUI


AFFECTENT OU METTENT
EN DANGER VOS DROITS
ET BIENS.



22



EKSTÒSYON



Ofans sa se lè yo oblige, mande oswa eseye: yon moun fè yon aksyon ak entansyon pou jwenn yon benefis ekonomik pou tèt li oswa pou yon lòt. Youn nan kalite ki pi komen nan ekstòsyon se pa telefòn, kòm gwoup kriminèl souvan vòlè telefòn selilè epi jwenn nimewo telefòn fanmi ak bon zanmi. Se poutèt sa, li enpòtan pou pran mezi sekirite tankou mete yon modpas nan telefòn selilè ou epi yo pa presize lyen ak kontak ou (tankou "manman", "papa", "tonton Juan", elatriye).

Li trè komen pou ekstòsyon soti nan gwoup kriminèl, byenke pafwa li se menm fonksyonè yo ki ekstòte fanmi ak zanmi moun ki kenbe nan Sant Imigrasyon, Sant akèy Pwovizwa ak ayewopò, aprey yo fin pran telefòn selilè yo epi pran done pèsonèl yo fè dosye yo.

Yon sitiyasyon ki kapab pase kote yon fanmiy vwayaje Meksik epi pandan l'ap randre nan ayewopò a, ajan Enstiti Nasyonal Migrasyon yo kenbe l, yo mande l yon kantite lajan pou yo pèmèt li randre nan peyi a.

KISA POU MWEN DWE PRAN AN KONT?

- 1 Krim sa a ka rapòte pa nenpòt moun.
- 2 Rete kalm epi, si sa nesesè, chèche sipò nan men fanmi oswa moun ki pwòch pou pwoteje entegrite ou.
- 3 Lè sa a, eseye idantifye ki kalite ekstòsyon ou te viktim de lia an, pa egzanp: telefòn, entènèt oswa fas-a-fas.
- 4 Nan moman ou al depoze plent ou a, ou ka montre prèv ou kòmanse pwosedi ou an, kat idantite oswa kat nan peyi oriijn ou, ou oswa, nan ka ki posib, Prèv Nasyonalite.
- 5 Si sa posib, pote video oswa odyo, papye oswa dokiman ki sèvi kòm prèv.
- 6 Si gen temwen nan ekstòsyon an, bay non yo ak done idantifikasyon nan youn oswa plis moun ki ta ka temwaye.

LEZYON



Krim lezyon an rive lè yon moun afekte entegrite kòporèl ou e domaj fizik oswa mantal ke zak sa te pwodwi a mande tretman, gerizon oswa swivi lopital oubyen sikolojik. Pa egzanp, si apre yon batay, figi w pran frap ki mande atansyon medikal pou l'geri.

Sa ka rive lè yon moun oswa yon gwoup moun atake ou akòz nasyonalite ou, etnisite, lang, koulè po, oryantasyon seksyèl, elatriye.

Sa rive souvan kote imigran yo victim de blesi pa moun ki gen yon rayisman pou etranje (xenophobia), kòm yon rezulta de vyalans ak vyalans ak tretman mechan ak tretman degradan ak tòti nan men gwoup kriminèl oswa ajan nan Leta a (Enstiti Nasyonal pou Migrasyon, Gad Nasyonal la, Lamarin, Lame, lapolis, ak lòt ankò).

KISA POU MWEN DWE PRAN AN KONT?

- 1 Nan kèk eta nan peyi a si blesi yo te koze pa evènman trafik san entansyon pou pwvoke yo, envestigasyon an ap inisyé pa plent-kerèl.
- 2 Si blesi yo sòti nan yon agresyon, aksidan trafik, goumen, ak lòt sitiasyon, li enpòtan ke anplwaye MP evalye kondisyon fizik ou.
- 3 Si blesi yo oblige mennen moun nan lopital, doktè a ki fè evalyasyon blesi yo dwe enfòme MP gravite blesi yo.
- 4 Si anvan ou ale nan biwo Ministè publik la pou depoze plent ou a, ou dwe ale wè yon doktè prive oswa sikològ, ou ka prezante evalyasyon eta sante ak tretman lè ou fè plent ou.

DISKRIMINASY

Krim diskriminasyon an fèt atravè aksyon oswa omisyón ki gen tandans pwóvoké oswa ensite rayisman oswa vyalans, refize sèvis oswa benefis ke yo dwe yo lefèt ke yo piblik, epi ekskli, mete restriksyon sou, oswa refize dwa travay akòz laj, sèks, eta sivil, gwosès, ras, oriijn etnik, lang, reliijon, ideoloji, oryantasyon seksyèl, koulè po, nasyonalite, oriijn oswa pozisyon sosyal, travay oswa pwofesyon, pozisyon ekonomik, karakteristik fizik, andikap oswa eta sante.

Migran yo souvan fè fas a diskriminasyon sou yon toujou e toujou. Pa egzanp, lè yo refize yo sèvis sante ak edikasyon paske yo pa gen dokiman ki pwouve yo legal nan peyi a, oswa lè yo rejte yo nan yon travay akòz aparans fizik yo, reliijon, elatriye.



KISA POU MWEN DWE PRAN AN KONT?

1

Yo envestige krim sa a pa plent-kerèl

2

Ou dwe ale nan ajans ministè piblik ki pi pre kote krim lan te fèt la. Si ou fè pati nenpòt kategori sèks, ou ka ale nan ajans espesyalize nan sèvis pou itilizatè Madivin, Masisi, Biseksyèl, Transjan, Travesti, Transsekpsyèl ak kominate entèsekpsyèl (LGBTTTI) (si genyen youn nan reydon ou ye a).

3

Si diskriminasyon an te fèt nan yon espas piblik (nan transpò piblik, nan pak la, nan lari, elatriye) ou ka mande lapolis pou di w ki kote pou w ale denonse sa. Si gen yon polisyé toupre nan moman sa a, ou ka mande l pou l arete atakè w la (lamandanlesak) pou mennen l bay komisè piblik la.



Li enpòtan pou w konnen ke rapò krim sa a fèt nan MP a. Sepandan, ou gen dwa tou pou rapòte bay COPRED pou ka diskriminasyon nan CDMX oswa ki fèt pa fonksyonè piblik CDMX, ak CONAPRED pou ka diskriminasyon atribiye a moun, moun natirèl oswa enstitisyon legal, osi byen ke sèvitè piblik federal. .

DISPARISYON FÒSE

Yon disparisyon fòse se arrestasyon, detansyon, kidnapin oswa nenpòt lòt fòm privasyon libète yon moun, komèt pa yon otorite, pa yon moun ki swiv enstriksyon yon otorite oswa avèk konsantman yo. Anplis li akonpaye pa refi privasyon libète ak refize ak kache enfòmasyon sou kote moun nan ye. Diferans ak kidnapping se ke se yon otorite (lapolis, ajan imigrasyon, elatriye) ki fè disparisyon fòse oswa yon moun ki swiv enstriksyon otorite yo.

Moun ki ap kite peyi yo ka viktim disparisyon fòse lè ajan INM yo kenbe yo, ansanm ak lapolis oswa Fòs Lame yo.

Pa egzanp, si w konnen ke yon manm fanmi oswa yon zanmi yo arete l nan yon estasyon migrasyon men Enstiti Nasyonal Migrasyon an refize bay enfòmasyon oswa refize di ke yo te arete moun sa, sa ka rele disparisyon fòse.

Pou rezon sa a, li enpòtan anpil pou ou kenbe kontak ak fanmi ou ak zanmi pwòch ou, pou ou fè yo konnen tout tan ki kote ak ki moun ou ye.

Pa egzanp, si lapolis te kanpe w, kontakte fanmi w oswa moun ki ka sipòte w pi vit posib epi di yo nan ki vil ou ye, ki moun ki te kanpe w epi si sa posib, aktive epi pataje kote w ye a an tan reyèl avèk telefòn selilè w. Si yo transfere w nan yon estasyon imigrasyon oswa yon Sant Sejou Pwovizwa, di yo kote w ye, nan ki kondisyon ou ye, non moun ki te kenbe w ak nan ki enstisyon yo fè pati, si yo te pran afè w yo (tankou lajan, telefòn selilè, , elatriye), osi byen ke si w santi w an danje, si ou gen malèz, ou sispèk, ak tout lòt siy ki montre ke yon bagay ka rive ou.

ESTACIÓN
MIGRATORIA



KISA POU MWEN DWE PRAN AN KONT?

1

Nenpòt moun ka rapòte krim sa a.

2

Lè w pral fè yon plent, pote avèk ou Prèv Inisyasyon pwosesis la oswa kat idantite w oswa Prèv Nasyonalite w epi, si sa posib, ale akonpaye pa yon moun ou fè konfyans.

3

Lè w ap fè yon plent, li enpòtan pou w gen enfòmasyon sa yo sou moun ki disparèt la:

- Non konplè.
- Yon dènye foto figi li, de preferans san filtè.
- Kèk foto oswa deskripsiyon siy patikilye tankou tatou, mak, pyèsin, ak tout lòt bagay.
- Nimewo telefòn moun ki disparèt la.
- Rakonte dènye kote yo te wè li ansanm ak dènye kontak ou te genyen ak moun sa a.

MEKANIS SIPÒ ETRANJE POU RECHÈCH AK ENVESTIGASYON

a konpoze de yon seri aksyon, mezi ak enstitisyon ki vize pou facilite aksè a jistis pou moun ki nan yon konteks kite peyi yo ak fanmi yo; ki ap chèche tou ankorajre rechèch pou moun ki ap kite peyi yo, ki disparèt, osi byen ke ankèt sou krim ki gen rapò ak moun nan yon konteks kite peyi yo.

Mekanis sa a te parèt sou demann gwooup moun-rechèch e li ap chèche vin yon pwen kontak ant Biwo Pwokirè Jeneral Republik la ak fanmi imigran yo.

Mekanis la responsab Inite Envestigasyon Krim pou Migran e li konpoze de:



<https://www.fundacionjusticia.org/que-es-mecanismo-de-apoyo-exterior/>

Chèf Inite Envestigasyon Krim pou Migran yo, ki responsab mekanis lan.



Ajan Ministè Piblik yo.



Pèsonèl ki pa ministeryèl.

Kowòdonatè afè entènasyonal ak biwo atache yo.

Mekanis la prevwa yon figi ki rele "Atachman" ki se kò desantralize, kowòdone pa Chèf Kowòdinasyon Afè Entènasyonal la ak Atachman yo, pèsonèl nan kò sa yo reprezante Ministè Piblik Federal aletranje.

Se pèsonèl sa yo ki pral resevwa plent lan aletranje epi ki pral pran mezi enpòtan yo pou kòmanse pwosedi kriminèl la, yo pral tou gen pouvwa pou resevwa prèv epi kòmanse dosye ankèt yo.

Atravè mekanis komunikasyon enstitisyonèl, atache yo pral an kowòdinasyon toutan ak Ministè Piblik Federal yo ki chita sou teritwa Meksik la.

TRAFIK MOUN:

Se rekritman, transpò, transfè, abrite oswa resevwa moun atravè menas, sèvi ak fòs oswa lòt fòm fòse, pou kidnapin, fwod, twonpe, abi pouvwa oswa yon sitiyasyon vulnerabilite, bay oswa resevwa peman oswa benefis pou jwenn konsantman yon moun ki gen otorite sou yon lòt nan bi pou eksplwatasyon.

Yo se aksyon eksplwatasyon:

- Esklavaj.
- Kondisyon restavèk.
- Pwostitisyon lòt moun oswa lòt fòm eksplwatasyon seksyèl.
- Eksplwatasyon travay.
- Travay oswa sèvis fòse.
- Fòse mande charite.
- Itilize moun ki pokò gen dizwitan nan aktivite kriminèl.
- Adopsyon ilegal yon moun ki pokò gen dizwitan.
- Maryaj fòse oswa sèvil.
- Trafik nan ògàn, tisi ak selil èt imen vivan.
- Eksperyans byomedikal ilegal sou èt imen.

Migran yo ka viktim krim sa a lè yo twonpe yo ak fo òf travay, relasyon santimantal, travèse garanti Ozetazini, ak lòt bagay ankò.

- Sa a se yon krim nenpòt moun ka rapòte.
- Fè efò pou plent lan fèt nan yon sèl aksyon pou evite bezwen pou deklarasyon pwolonje. Pou sa, bagay sa yo apl itil:
 - Dat ak lè evènman yo; kote reyalite yo a pase a (si ou pa konnen li, ou ka dekri kote a epi bay done ki ka ede jwenn li);
 - Moun ki te entèvni nan reyalite yo;
 - si gen yon relasyon oswa fanmi ak moun sa yo;
 - si te gen vyolans moral oswa menas; si ou te yon jan kanmenm prive de konsyans; si gen lòt moun ki te temwen evènman yo; si ou te kontinye gen kontak ak agresè yo.
 - Depi nan moman plent lan, otorite a dwe ba w konsèy legal, evite w tounen pran nan menm bagay la, klarifye dwa w genyen pou repare domaj la, mezi prekosyon ki ka dekrete an favè w, pwosedi kriminèl ki pral fèt, dwa w pou resevwa konsèy legal pou moun ki viktim yo.



KI DWA W GENYEN SI W DESIDE FÈ RAPÒ?

SI W DESIDE POTE PLENT, LI ENPÒTAN
POU W KONNEN OMEKSIK GEN PLIZYÈ
LWA KI PWOTEJE DWA W SI W VIKTIM
DE YON KRIM.



Apati moman ou pral depoze plent ou a, ou gen dwa pou resevwa konsèy teknik ak bon jan konsèy legal atravè yon konseye legal, epi tou resevwa enfòmasyon sou ka w la pandan ankèt la ak pwosedi kriminèl, pa yon moun ki gen yon diplòm lalwa ak lisans pwofesyonèl.

Anplis de sa, ou gen dwa tou pou:

TRETMAN AK DIYITE

Ou gen dwa pou ke otorite yo trete w ak ak respè, nan konpreyansyon e san okenn kalite diskriminasyon.



ENTÈPRÈT

Nan ka ke oumenm oswa nenpòt nan temwen ou pale yon lang ki pa panyòl, ou gen dwa pou resevwa asistans gratis nan men yon entèprèt oswa tradiktè pa otorite konpetan an.

PA SATISFÈ AK AKSYON MP A

Ou ka ale devan yon otorite ijidisè nan ka MP a ta vle tenyen zye l sou kèk bagay nan ankèt la oswa deside ke pwosesis ou a pa ta dwe kòmanse, kontinye, oswa si li deside sispann li.



AKONPAYMAN

Ou gen dwa pou w akonpaye w lè w ap pote plent ou ak pandan tès ekspè yo fè sou ou, swa pa yon avoka oswa pa nenpòt moun ou konsidere apwopriye.

ABRI AK MANJE

Si lavi w ak entegrite w, ansanm ak pitit ou yo, si w genyen , an danje, ou ta dwe resevwa atansyon imedya an ijans. Ou gen dwa pou yo refere w nan sant swen konplè espesyalize, pou resevwa tretman fizik, sikolojik ak emosyonèl, ansanm ak manje.





AKSÈ A ENFÒMASYON KONSÈNAN DOSYE ENVESTIGASYON OU AN

Pou kontinye ak pwosesis plent ou a, ou gen dwa pou jwenn aksè a dosye ankèt ki te louvri pou ka w la. Ou gen dwa pou yo enfòme ak notifye nenpòt desizyon otorite yo pran konsènan pwosesis ou a.



REPARÉ DOMAJ KI TE KOZE A

Ou gen dwa jwenn verite a, jistis ak reparasyon konplè pou domaj vyolans ou te sibi a.



MEKANIS PWOTEKSYON

Ou gen dwa pou w aplike mezi ki nesesè pou garanti lavi w ak entegrite w. Moun nan MP gen obligasyon pou bay lòd pou yo aplike mezi sa yo imedyatman lè gen done ki sijere ke lavi ou oswa entegrite ou an danje nan moman yo kòmanse dosye ankèt la. Yo konnen yo kòm mezi pwoteksyon, ki ka akòde tou a temwen ou yo. Ou ka mande mezi sa yo dirèkteman ou menm oswa atravè konseye legal ou.

KÈK NAN MEZI SA YO SE:

- 1** Entèdi moun ki atake w la apwoche oswa ale lakay ou
- 2** Limite moun ki atake w la pou l pa ale oswa pwoche bò lakay ou oswa kote w ye a
- 3** Separasyon imedyat ak kay ou pataje ak moun ki atake w la *(3 premye sa yo posib selon konsidérasyon jij la)
- 4** Yo dwe remèt ou imedyatman zafè pèsonèl ou oswa dokiman idantite (INE, batistè, paspò)
- 5** Entèdi moun ki atake w la fè konpòtman ki entimide oswa anbete w
- 6** Siveyans polisyé lakay ou
- 7** Pwoteksyon nan men lapolis
- 8** Asistans lapolis lakay ou imedyatman
- 9** Transfere w nan abri, abri tanporè, ansanm ak pitit ou, si ou genyen;
- 10** Voye pèsonèl lapolis avèk ou pou akonpaye w pou w retounen lakay fanmi w.

SONJE! Dire mezi pwoteksyon yo, kit Jij kontwòl la dwe revize ou non, yo pral gen yon dire maksimòm de 60 jou, men yo ka pwolonje pou yon lòt 30 jou. Nan ka mezi jij kontwòl la te bay yo, lè kòz ki te motive mezi yo akòde a pa egziste ankò, ni moun akize a, defans li oswa, si sa apwopriye, MP kapab mande jij kontwòl la pou l pa kontinye.

AKSÈ NAN REGILARIZE IMIGRASYON

Si ou te viktim yon krim epi rapòte li, ou ka jwenn aksè ak yon dokiman imigrasyon OMeksik.

Lwa Migrasyon an anvizaje yon kondisyon pou etabli w ki rele "Vizitè pou Rezon Imanitè", ke li bay moun ki te viktim de yon krim. Pèmi rezidans sa a valab pou yon ane epi yo ka renouvel pandan pwosesis la ap kontinye.

Apre w fin ale nan Ministè Biblik la, kenbe yon kopi plent ou depoze a. Dokiman sa nesesè pou w ale nan delegasyon Enstiti Nasyonal Migrasyon an pou w mande kat vizitè w pou rezon imanitè, ki pral pèmèt w rete nan peyi a regilyèman jiskaske ou fini ak pwosesis la.

Pa blyie fè swivi plent ou a, paske si w kite l atè oswa jete l, ou p ap gen yon fason pou renouvel otorizasyon yo akòde a

43

44



KI KOTE MWEN
DWE ALE? 🦋

Nan plizyè eta nan peyi a gen Pwokirè Espesyalize pou akonpanye Migran, yo gen pèsonèl ki fòme ki dwe pran plent ou an. Si pa gen biwo (Fiskaliya) espesyalize kote ou ye a, ou ka ale nan nenpòt biwo (fiscal) oswa ministè publik pou depoze plent ou.

Nòt: Okenn Ministè Publik pa ka refize resevwa plent ou sou rezon ke ou pa nan biwo (fiskaliya) ki kòrèk la.

INITE ENVESTIGASYON KRIM POU IMIGRAN - UIDPM

Pwokirè Jeneral Republik la gen yon UIDPM, kote sèlman krim federal yo ka rapòte. Sa vle di ou ka rapòte krim tankou trafik moun, krim ki gen rapò ak trafik dwòg ak trafik zam. Ou ka rapòte krim ou te viktim nan fason sa yo:



AN PÈSÒN NAN:

Avni Insurgentes, Nimewo 20
Wopwen Insurgentes, Colonia
Roma Norte, Meri Cuauhtémoc,
C.P. 06700, Vil Mexico, 24 èdтан
pa jou, 365 jou pa ane.



DELEGASYON PWOKIRÈ JENERAL REPUBLIK ETA KOTE W YE A. ME YON LIS NOU KITE POU OU.

www.gob.mx/cms/uploads/attachment/file/578735/Delegaciones_FGR.pdf



PA TELEFÒN: (55) 53460 000 ext.
508344, 508367, 508314.

PA IMÈL POU:
unidadmigrantes@fgr.gob.mx

PWOKIRÈ ESPESYALIZE POU BAY MIGRAN SÈVIS

Se sèlman eta Chiapas, Oaxaca, Veracruz, Coahuila, Tabasco, Campeche ak Quintana Roo ki genyen yo.

www.wola.org/wp-content/uploads/2017/07/Accesoalajusticia-Versionweb_Julio20172.pdf

ETA

Chiapas



FISKALIYA

Tapachula
Dissetyèm Ri Ote. 9, Los Naranjos,
Lazaro Cardenas, 30738 Tapachula de
Cordova ak Ordoñez, Chis.

Palenque
Lienzo Charro S/N, Monterrey, 29960
Palenque, Chis.

Direksyon Sèvis pou Migran ak Refijye
(DAPMyR)
29960, Sant, Palenque, Chis.

ETA

Oaxaca

**FISKALIYA**

Oaxaca

Enstiti Oaxacan pou Sèvis Migran
68270, International 7, St Michael 2nd
Secc, Tlalixtac of Cabrera, Oax.

Veracruz



Veracruz

Direksyon Sèvis pou migran yo
Palè Federal S/N 2yèm. Nivo, Sant,
91000 Xalapa, Ver.

Si ou pa nan youn nan Eta sa yo, ou ka ale nan ajans Ministè
Piblik ki pi pre a.

KISA K AP PASE SI MP A OSWA LAPOLIS PA VLE EDE M?

Si ta gen iregilarite pandan sèvis y ap ba ou an, tankou reta,
refi, oswa mande peye pou ede ou, ou ka ale nan biwo vizit yo
oswa zòn afè entèn yo, ki se kò entèn ki nan biwo (fiskaliya) yo
ki gen devwa pou kontwole, resevwa plent ak pini konpòtman
ofisyèl yo ki travay nan enstitisyon sa yo.

<https://denuncia.org/visitadurias/>

ou ka konsilte enfòmasyon ou bezwen pou rapòte konpòtman
anòmal sa oswa koripson yon fonksyonè piblik nan Biwo (komisè
a) ou byen Pwokirè (delege) a.

ÈSKE MWEN KA POTE PLENT NAN YON ETA EPI KONTINYE PWOSESIS MWEN AN NAN YON LÒT?



Repons lan se non. Plent lan dwe fèt krim
lan te komèt la, paske otorite konpetan pou
mennen ankèt epi pini zak ou te viktim nan se
otorite kote zak la te fèt la.

Si w deplase, pwosesis sa a p ap transfere
nan yon lòt eta epi w ap pèdi posiblite pou
w suiv ka w la.

REKONESANS JIRIDIKYON DWA MIGRAN YO POU YO DENONSE

Pandan plizyè ane, migran yo viktим vyolasyon dwa moun. Apre abi sa yo, sosyete sivil la te fè yon gwo efò pou vyolasyon sa yo jwenn prèv epi pouswiv, epi domaj yo konpanse, peye.

Pou rezon sa a, SCJN pibliye rezolisyon k ap chèche ranfòse dwa etranje yo pou yo denonse krim yo viktим nan Meksik e pou yo fè pati pwosesis la.

Kou Siprèm Jistik Nasyon an (SCJN) se pi wo tribinal konstitusyonèl Meksik la ansanm ak chèf Jidisyè Federasyon Meksiken an. Pami responsabilite li yo, nou jwenn sila ki se prezèv lwa yo ki nan konstitisyon nou an, k ap chèche kenbe balans ki genyen ant diferan pouvwa ak esfè gouvnènman an nan Meksik, atravè rezolisyon jidisyè li bay yo.

Nan sans sa a, SCJN fè remake dwa moun ki nan sitiyasyon kite peyi yo, ansanm ak sitiyasyon espesifik ki fè yo vilnerab nan sistèm jistik la:

1 DWA POU YO VOYE DOSYE ANKÈT LA NAN ANBASAD MEKSIKEN NAN PEYI KOTE VIKTIM NAN ORIJIN

<https://sjf2.scjn.gob.mx/detalle/tesis/2017614>

Nan ka krim ki gen rapò ak vyolasyon dwa moun, otorite ministè a oblige nimerize tout aksyon ki fòme dosye ankèt la, fè yon rezime sou zafè a, epi voye tout enfòmasyon yo elektwonikman bay anbasad Meksiken nan eta respektif la., pou viktим yo ka konsilte dosye a e pou yo pa vyole dwa yo genyen pou yo jwenn jistik.

Dwa sa a se repwodui tou anvè manm fanmi ki pa nan peyi nou an.

<https://sjf2.scjn.gob.mx/detalle/tesis/2016067>

2 DWA VIKTIM ENDIRÈK YO GENYEN POU YO GEN AKSÈ A YON ANKÈT PRELIMINÈ NAN KA DISPARISYON FÒSE

<https://sjf2.scjn.gob.mx/detalle/tesis/2015724>

Lè yo rive nan ka disparisyon migran yo, otorite ministè a oblige pèmèt fanmi an aksè nan ankèt la atravè dosye kote yo ap envestige yo.

**PIBLIKASYON SA A TE FINANZE PA
SIPÒ POU FONDASYON
FRIEDRICH NAUMANN STIFTUNG
FÜR DIE FREIHEIT MEXICO**

Nou apresye patisipasyon tout moun nan
òganizasyon ki enplike yo.



FRIEDRICH NAUMANN
STIFTUNG Für die Freiheit.

México